# МЕКТЕП ГЕОГРАФИЯ ПӘНИНИҢ МЕТОДИКАЛЫҚ МАШҚАЛАЛАРЫ

**Р.Баллиева** - *география илимлериниң кандидаты,профессор*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**Р.Т.Гайпова** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**С.А.Есбергенова** - *оқытыўшы*
*Өзбекстан Республикасы ИИМ Қарақалпақ академиялық лицей*

**Таянч сўзлар:** география, табиат, география дарсликлари, компетенция, табиий география, таълим.
**Ключевые слова:** география, природа, учебники географии, компетенция, физическая география, образование.
**Key words:** geography, nature, textbooks in geography, competence, physical geography, education.

Кейинги жыллары билимлендириў системасына үлкен итибар қаратылып, «Билимлендириў» ҳаққындағы Нызам ҳәм «Кадрлар таярлаў миллий дәстүри» және де байытылып, өзгерислер киритилмекте. Әлбетте, бул өзгерислердиң қурамына улыўма билим беретуғын орта мектеплерде тәлим-тәрбияның сапасын жақсылаў, мектеп сабақлықлары-ның мазмун жағынан заманға сай етип қайта ислеп шығыў мәселелери қойылмақта.

Президентимиз Ш.М.Мирзиёев турмысымыздың дерлик барлық тараўларына терең итибар қаратып, төмендеги пикирлерди билдирген еди: «Бүгин биз мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын түп-тийкарынан жаңалаўға қаратылған инновациялық раўажланыў жолына өтпектемиз. Жаңа пикир, жаңа идеяға, инновацияға сүйенген мәмлекет утады. Инновация - бул келешек дегени» [1].

Демек, бүгинги дәўир жаңа әўлад сабақлықларына да, соның ишинде география сабақлықларына инновациялық мүнәсибетте болыў, жаңаша, илимий көзқарасларды басшылыққа алған қатнаста болыўымызды талап етеди. Себеби, сапалы сабақлық - бул келешек әўладтың география илими нәтийжели билим алыўға дерек.

Улыўма билим беретуғын орта мектеплердиң оқыў процесин жақсылаўдың баслы факторы мектеп оқыў дәстүри ҳәм соған сәйкес оқыўлықлардың дөретилиўи болып есапланады. Бул дәстүр ҳәм оқыўлықлар бала жасына қарап дүзилиўи керек.

Тилекке қарсы, ҳәзирги мектеп ушын шығарылған география оқыўлықлары оқыўшыларға қыйын ҳәм түсиниксиз түрде жазылмақта. География пәни мектеп пәнлериниң арасында романтикаға бай болған, оқыўшы тәбият, тәбияттың сырлы процесслери, материклердиң тәкрарланбайтуғын өзгешеликлери, саяхатшылар ҳәм олардың ер жүреклилиги, халықлар олардың салт-дәстүрлери, қалалар ҳәм т.б қызықлы мағлыўматлар менен таныcқанында ериксиз түрде саяхат қылыўды, өз көзлери менен дүнья әжайыплылығын көриўди ҳәм түсиниўди қәлейди. Себеби, география дегенде ҳәмме усындай географияны көз алдына келтиреди.

Улыўма билим беретуғын орта мектеплердиң география сабақлықларында избе-излик, бир-бири менен байланыслылықтың жоқлығы оқыўлық мазмунының сайыз болыўына себепши болады. Сабақлық мазмунындағы ең үлкен кемшилик – бул география пәниниң екиге, яғный тәбийғый география ҳәм экономикалық географияға бөлип жазылыўы. (Бул аўқам дәўириндеги географияның дифференцияласыўының даўамы) Оқыўшылар 5–7-классларда тәбийғый географияға, 8–9-классларда болса экономикалық географияға тийисли курсларды үйренеди. Мысалы, 6-класта “Материклер ҳәм океанлар тәбийғый географиясы” курсында тийисли материклердиң тәбияты айырым түрде, яғный материклердиң тәбияты сол материкте жайласқан мәмлекетлердиң экономикасынан, халықтың социаллық турмысынан ажыратылған жағдайда үйрениледи. Оқыўшылар болса материктиң тәбияты менен бирге сол материктеги қандай мәмлекетлер барлығы, мәмлекеттиң пайтахты ҳәм ири қалалары, бул мәмлекет неси менен атақлы, халқы қанша ҳәм олар не менен бәнт екенлигин билиўге қызығады. Тек 9-класcқа келип, яғный 3 жылдан кейин “Жәҳәнниң социаллық-экономикалық география” курсына тийисли материклердеги мәмлекетлердиң экономикасы ҳәм халқының социаллық турмысы үйрениледи. Ол әдетте, сол материктиң тәбиятынан ажыратылған жағдайда өтиледи.

7-класс “Орта Азияның тәбийғый географиясы” курсында сол үлкениң тек тәбияты үйренилсе, 9-классқа келип Орайлық Азия мәмлекетлериниң экономикасы ҳәм халқы өтиледи. Сондай-ақ, 7-класс “Өзбекстан тәбийғый географиясы” курсында мәмлекетимиздиң тек тәбияты үйренилсе, 8-класс “Өзбекстан экономикалық ҳәм социаллық географиясы” курсында мәмлекетимиз экономикасы ҳәм халқының социаллық турмысы айырым түрде өтиледи.

Географияны бундай үйрениў жоқары оқыў орынларында орынлы болыўы мүмкин, бирақ мектеп географиясын бундай тақылетте үйрениў үйренилип атырған географиялық объектти пүтинлигинше ойлаўға, ол ҳаққында тутас түрдеги мағлыўмат алыўға имканият бермейди. Оқыўшыларда географиядан турмыслық көнликпелерди қәлиплестириў, өзлигин аңлаған жағдайда географиялық билимлерди саналы түрде өзлестириўи ушын тәбийғый географиялық ҳәм экономикалық географиялық билимлер айырым ажыратылған жағдайда емес, бәлким компетенциялық қатнас жасаған жағдайда бул билимлер биргеликте берилиўи керек. Бир географиялық объектти екиге бөлип, түрли ўақытларда емес, бәлким бир ўақытта тутас халда, толық үйренилгенде ғана билим тараўы нәтийжелилиги артады. Буның ушын географияға гуманитарлық көзқараста қараў керек. Себеби, илимге болған усы сыяқлы қатнас инсанның кирип келиўине жол ашқан болар еди. Сабақлықларда «тәбият пенен жәмийет арасындағы байланыслар», «инсан факторы», «инсан талабы» деген сөзлерди ушыратамыз, бирақ бирде-бир оқыўлықта инсанды ушыратыў мүмкин емес. Буның баслы себеби, география инсансыз географияға айланған. Географиялық қабықта, тири организмлер жасайтуғын қабық «биосфера» деп аталып, ҳайўанат ҳәм өсимликлер дүньясы ҳаққында уғымлар да географияда үйрениледи, бирақ инсанға орын жоқ. Себеби, мектеп сабақлықларында ноосфера қабығы ҳаққында сөз етилмейди. Мектеп географиясында мәдeният мәселеси үйренилмейди. 6-7- классларда үйренилиў тарийхы бөлиминде, 6-класста «үйрениў тарийхы» делинген, 7-класс географиясында «тексерилиў тарийхы» деп берилген.

Мазмуны жағынан қурамалы етип дүзилген өзбек тилинде жазылған мектеп география сабақлықлары оқыўшылар ушын түсиниксиз болып қалмай, оқытыўшы ушын да түсиниксиз болып қалмақда. Бул жерде оқытыўшы мектеп сабақлықларында берилген теманы дәстүрде ҳәм китапта берилгендей етип түсиндирсе, онда оқыўшылар ушын түсиниў қыйын, оқыўшыларға түсиникли қылып муғаллим тәрепинен түсиндирилгени менен үйге берилген тапсырма сабақлық бойынша таярланады. Соның ушын, оқыўшыларда жаңылысыўлар болғанлықтан сол пәнге деген қызығыўшылығыда пәсейеди. Ал, өзбек тилинде жазылған мазмуны қыйын сабақлықлар тәлим қарақалпақ тилинде оқытылатуғын қарақалпақ класслары ушын қарақалпақ тилине аўдарылғанда, буннан да бетер

қурамаласады.

Сабақлықлардағы буннан басқа үлкен кемшиликлердиң бири-бул аўдарма мәселеси. Мәмлекетимиз көп миллетли республика. Бул миллетлердиң көпшилигине ана тилинде оқыўға мүмкиншилик туўдырылған. Буның ушын өзбек тилинде жазылған сабақлықлар, сол миллет тиллерине аўдарылады. Сондай-ақ, қарақалпақ класслары ушын өзбек тилинде жазылған барлық география сабақлықлары аўдармаланған. Қарақалпақ класслары ушын тийкарғы өзбекше сабақлықлардағы кемшиликлер биринши машқала болса, қарақалпақ тилиндеги надурыс аўдарылған сабақлықлар екинши машқала болмақта.

Қарақалпақ классларына арналған сабақлықлардың барлығын қәнигелиги географ болмаған басқа да қәнигелердиң аўдарыўы нәтийжесинде ҳәм де географиялық тил менен жазылмаған. Буның нәтийжесинде сабақлықта географиялық илимий тил стили жоғалған. Аўдармашы өз бетинше ҳәр қыйлы мағлыўматлар, сөзлер қосыў менен бирге аўдарыўы қурамалырақ болған текстлерди таслап кеткен. Демек, кеширип болмайтуғын қәтеликлерге жол қойылған. Бул жерде авторлық ҳуқық бузылыўы менен бир қатарда, оқыўшылар ушын географиялық түсиникти келтирип шығармайтуғын, мазмунсыз мағлыўматлар, түсиниксиз текстлер оқыўшыларды география сабағына қызығыўын төменлетиў менен бир қатарда оларды тәбият ҳәм оның нызамлылықларын қәте түсиниўи менен бирге жасларымыздың саўатсызлығына алып келеди.

Олимпиада ҳәм ҳәр қыйлы «билимлер беллесиўи» жарысларында, тест сынақларында да усы сыяқлы қәтелер менен бериледи. Бирақ, олимпиадада өзбек класслар менен қарақалпақ класслар биргеликте тапсырмаларды орынлаған жағдайда жүдә көплеген тартыслы жағдайларға алып келеди.

Оқыўлықлардағы қәтеликлердиң жол қойылыўдың биринши себеби, географиялық сабақлық Нөкисте емес Ташкент ўәлаятында басылып шығылыўы себебинен оған итибардың жоқлығы. Сондай-ақ,бүгинги күнниң өзинде бул кемшиликлерди сапластырыў бойынша әмелий ҳәрекетлер болмай атырғанлығын ашынарлы жағдай деп баҳалаўға болады.

Мектепте география сабақлықларын ҳәм мектеп география пәнлерин оқытыў бойынша бир қанша усынислар берип өтпекшимиз:

- бириншиден, сабақлықты жазыўда оқыўшының жасы ҳәм психофизиологиялық өзгешелигин, руўхыятын есапқа алыўы ҳәм айырым темалар эпиўайыластырылыўы яки биротала алып тасланыўы зәрүр. Буның ушын авторлар улыўма билим беретуғын орта мектеплерге барып сабақ өтиўи, ҳәзирги заман оқыўшысының психологиялық климатын үйрениўи тийис болады;

- екиншиден, раўажланған мәмлекетлерде улыўма билим беретуғын орта мектеплериниң оқыўшылары ушын география сабақлықлары қалай жазылғанын үйрениўимиз, улыўмалық унамлы ҳәм қолайлы тәреплерин қабыл етиўимиз керек. Мысалы, Россия, АҚШ, Қытай мәмлекетлеринде шыққан сабақлықлардан үлги сыпатында алып, жаңа сабақлықларды тек ғана өзимиздиң мәмлекетимиздиң емес, жәҳән стандартларына сай етип жазғанымыз дурыс болады;

- үшиншиден, сабақлықларды шығарыўда таңлаўларды реал түрде өткериў ҳәм бир неше вариантта жазылған сабақлықлардан биреўин экспертлердиң қупыя түрде таңлап алыўына мүмкиншиликлер бериўи керек;

- төртиншиден, автор, редактор, рецензент ортасында күшли байланыс болыўы тийис. Атап айтқанда, көпшилик қәте-кемшиликлер редактордың айыбы менен жүз бермекте. Ҳәзирги редакторлар корректор ўазыйпасында атқармақта;

- бесиншиден, улыўма орта билим бериў мектеплеринде географияны оқытыўдың жаңаша бағдарламасын қабыл етиўимиз тийис.

**Әдебиятлар**


1. Мирзиёев Ш.М. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017-йил 7-февралдаги ПФ-4947 сонли “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида”ги фармони.-Т.: “Адолат” 2017, 25-б.
2. O’zbekiston Respublikasining «Ta`lim to’g`risida» gi Qonuni /Barkamol avlod/ -O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. -T.: “O’zbekiston”, 1997, 20-29-b.
3. O’zbekiston Respublikasining – «Kadrlar tayyorlash Milliy dasturi» /Barkamol avlod – O’zbekiston taraqqiyotining poydevori.- T.: “O’zbekiston”, 1997. 316-b.
4. Umumiy o‘rta ta’limning tabiat va geografiya fanidan davlat ta’lim standarti (5 – 9 -sinflar). –Toshkent: 2017.
5. 5-10-класс география пәни сабақлықлары.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада умумий ўрта таълим мактабларида география фанининг муаммолари ва география фани дарслиги ҳақидаги фикрлар ўз ифодасини топган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье освещаются некоторые проблемы в преподавании предмета “География” в общеобразовательных школах. Рассматриваются также недостатки имеющие место в учебниках по географии.

**SUMMARY**

The article is devoted to the discussion of some problems in teaching the subject «Geography» at general educational schools. The author of the article points to some shortcomings in textbooks in Geography.


## СТИЛЬ ПЕДАГОГИЧЕСКИХ ВЗАИМООТНОШЕНИЙ БУДУЩЕГО УЧИТЕЛЯ АНГЛИЙСКОГО ЯЗЫКА


**У.Ш.Байманова –** *докторант*

**Р.Е.Бердимуратова –** *старший преподаватель*

*Международный казахско-тюркский университет имени Х.А.Яссави*



**Таянч сўзлар:** педагогика, психология, ўқитувчи, нутқ, филология, лингвистика, услублар.

**Ключевые слова:** педагогика, психология, преподаватель, речь, филология, лингвистика, методы.

**Key words:** pedagogy, psychology, teacher, speech, philology, linguistics, methods.


Совершенствование педагогического мастерства будущего учителя тесно связано с постоянным стремлением к пополнению активного словарного запаса. Безусловно, большой запас активной лексики письменного языка влияет на престиж устной речи, различные экспрессивные и коммуникативные особенности. Для поднятия культуры устной речи важно всегда, и во взаимоотношениях с друзьями, важно стремиться сохранить нормы литературного языка, правильно, свободно и понятно говорить, бороться с чуждыми современному литературному языку словами и словосочетаниями. Чтение классической художественной литературы тоже приносит огромную пользу. Если речь педагога культурна, этична, правильна и не допускает ошибок в ударениях, то восприятие и усвоение информации